

ÉTNOPÉDAGOGI JEUNG INTERNASIONALISASI PENDIDIKAN

Sunaryo Kartadinata

Kiwari di nagri urang keur nerekab nu disebut Sakola Berstandar Internasional (SBI) sabab Undang-undang méré amanat sarupa kitu. Boh guru boh murid atawa kolot murid katingali asa leuwih reueus mun budakna sakola di SBI. Sabana, nyaéta muridna dipilih anu pinunjul, basana basa deungeun, parabot sakolana punjul tinu séjén, atuh guruna ogé pinilih . Ngan kahadé ulah kalabasan poho kana purwadaksi, internasionalisasi lain ngandung harti ngatik ngadidik ku cara deungeun, ninggalkeun tali paranti adat kabudayaan bangsa. Malah kudu sabalikna, kumaha ngamumulé adat budaya bangsa sangkan nyambuung saalam dunya nepi ka bangsa deungeun mireungeuh hayang diajar ka nagri urang. Kusabab kitu ngatik ngadidik teu bisa leupas tina adat budaya jeung tata kahirupan bangsa, anu dina widang élmu atikan diwengku ku naon nu disebut étnopédagogi.

Ditilik tina asal kecap, *Étnopédagogi* diwangun ku dua kecap asal nyaéta *étnik* hartina suku bangsa atawa bangsa; jeung *pédagogi* hartina ilmu atikan atawa ilmu ngadidik. Mun dihartikeun sacéréwéléna *étnopédagogi* nyaéta élmu atikan anu patali jeung hiji suku bangsa atawa bangsa. Ieu ngandung harti yén atikan atawa pendidikan, élmu atikan atawa élmu pendidikan, teu bisa leupas malah kudu diwangun ku dadasar kahirupan bangsa atawa suku bangsa anu ngalakonan atikan. Dina wengkuan harti anu leuwih jero, *étnopédagogi* bisa dihartikeun élmu atikan anu didadasarkeun kana budaya jeung tali paranti kahirupan masarakat anu kudu dipulasara sangkan mekar jeung motékar, ngawujud jadi kahirupan nu pinunjul bari bisa hirup kumbuh babarengan jeung bangsa lian di alam dunya. Dina wengkuan harti nu disebutkeun di luhur, *étnopédagogi* lain ngan saukur mekarkeun widang-widang pinunjul kahirupan masarakat anu dumasar kana budayana, tapi oge ngamekarkeun, ngahadéan malah mungkin ngarobah tata paripolah atawa tata pikir masarakat sangkan bisa neuleuman mangpirang-pirang élmu pangaweruh sarta ngawangun kahirupan babarengan jeung masarakat di luar dirina bari tetep mulasara budayana.

Naon sababna bagbagan atikan jeung prak-prakan ngatik ngadidik kudu ngakar kana budaya masarakat nu dididik. Saestuna budaya teh ngarupakeun *hiji sistim informasi jeung ma'na khusus pikeun hiji masarakat anu diturunkeun ka génerasi saterusna pikeun nyumponan kabutuhan dasar hirup, ngahontal kabahagiaaan jeung kabagjaan hirup sarta nawujudkeun ma'na hirup*. Ditilik tina harti budaya nu disebutkeun, asana jéntré yén mun kitu mah laku paripolah, tata pikir, olah rasa jeung rumasa jalma moal bisa mungkir tina budayana. Bisa dipastikeun mun ngatik ngadidik kaluar tina wewengkon jeung leupas tina akar budaya masarakat tangtu paripolah, tata pikir, jeung olah rasa rumasa nu kudu dimekarkeun ku tarékah atikan moal luyu jeung kahirupan sapopoé nu dilakonan ku masarakat.


Masarakat ngabogaan budaya séwang-séwangan. Pikeun kapentingan atikan, guru atawa pendidik kudu paham kana jejeroan paripolah, tata pikir, rasa jeung kaunikan jalma dina wengkuan budayana. Sababna, diajar matematika, sains, bahasa, olah raga, téknologi jeung widang élmu séjéna moal leupas tina paripolah, tata pikir, rasa jeung rumasa anu mekar dina wengkuan budaya. Atikan nu dumasar kana budaya teu ngandung harti yén masarakat nu dididik ngan saukur ngamumulé budayana sorangan bari henteu ngahargaan budaya batur atawa misahkeun manéh tina budaya séjén, tegesna jadi masarakat éklusif. Malah sabalikna, ngatik masarakat pikeun nalungtik élmu pangaweruh dumasar kana budayana, ngajungjung tata kahirupan

séwang-séwangan dina ngawangun hirup kumbuh sauyunan, anu jadi dasar pikeun ngahontal kahirupan démokratis.

Niténan kana naon anu diguar di luhur, *étnopédagogi* ngandung sababaraha patokan atawa prinsip, nyaéta:

1. Dumasar kana budaya masarakat; kusabab kitu pendidikan ngabogaan tanggung jawab pikeun ngamumulé, ngamekarkeun jeung miara kasaluyuan budaya dina kahirupan jaman.
2. Dumasar kana kabutuhan séwang-séwangan; ieu ngandung harti yén pendidikan ngabogaan tanggung jawab pikeun ngamekarkeun potensi, milih widang upajiwa nu luyu jeung kamampuhan sarta kaayaan, jeung ngaropéa paripolah nu teu munasabah sangkan luyu jeung budaya kahirupan.
3. Dumasar kana sikep silih ajénan; hartina pendidikan nyangking tanggung jawab pikeun ngawangun masarakat *inklusi*, nyaéta masarakat anu bisa ngajénan sakabéh anggotana boh nu beunghar boh nu miskin, boh nu pangkat boh nu cacah, boh nu punjul boh nu asor ngabogaan hak jeung tanggung jawab pikeun ilu biung bareng dina kahirupan.

Mun seug patokan-patokan éta jeung naon-naon anu diguar di luhur digambarkeun kana pola nu disebut *kuadran* bisa dititénan saperti dina gambar 1 di handap ieu.



Gambar 1. Étnopédagogi jeung wangun masarakat

Balik deui kana caritaan awal ngeunaan internasionalisasi, jadi lamun kitu nu disebut internasionalisasi pendidikan téh naha kusabab:

1. Basa nu digunakeun basa deungeun?
2. Muridna datang ti mancanagara?
3. Ngagunakeun téknologi nu pangpunjulna?
4. Ngawengku mangpirang-pirang budaya?, atawa
5. Guruna didatangkeun ti nagri deungeun?

Sigana sakabéh nu ditanyakeun di luhur teu bisa kitu waé dijadikeun patokan pikeun ukuran hiji sakola nu disebut SBI, mun ditilik kaitanana jeung *étnopédagogi*. Nu jadi sabab nyaéta yén cicirén diri atawa *jati diri* salaku bangsa ulah nepi ka luntur ku sabab internasionalisasi. Tumuwuhna masarakat bisa digambarkeun ibarat *spiral*, tina kayaan anu nyoko kana budaya sorangan (*étnoséntrik*) nepi ka hirup kumbuh dina pirang-pirang budaya (*kosmopolit*). Di antara kutub *étnoséntrik* jeung *kosmopolit* cicirén diri salaku pribadi atawa bangsa “diuji”, naha bakal jadi jalma atawa bangsa anu bisa ngigelan jaman, legok tapak genténg kadék pinuh ku kapinunjulan, atawa henteu boga pamadegan, hirup ngan saukur lolondokan. Sakumaha disebutkeun di luhur *étnopédagogi* téh henteu dimaksudkeun pikeun ngawangun masarakat *étnoséntrik* tapi malah kudu mawa masarakat kana kahirupan anu bisa ngigelan jaman, atawa dina basa kiwari mah internasionalisasi téa, tapi lain hirup lolondokan. *Étnopédagogi* nandeskeun yén kaarifan lokal mangrupikeun kakuatan pikeun ngawangun jati diri masarakat, sumber inspirasi pikeun ngarobah kaayaan sangkan masarakat jadi leuwih jembar jeung motékar, akur jeung batur nyobat jeung alam, ayem tengtrem lalugina aya dina panangtayungan Anu Kawasa.

Ku sabab kitu ngatik ngadidik pikeun ngahontal internasionalisasi kudu dilaksanakeun pikeun:

1. Nanjeurkeun *jatidiri* bangsa; pendidikan kudu ngawangun karakter bangsa anu kuat.
2. Niténan budaya sorangan; anu punjul dipiara jeung dimekarkeun anu kurang atawa goréng dihadéan, malah mun perelu diganti sangkan jadi paripolah jeung tata pikir nu leuwih alus luyu jeung kahirupan jaman.
3. Ngaronjatkeun kamampuhan ngawangun diri sorangan ku jalan diajar saumur hirup sangkan bisa hirup kumbuh ilu biung boh di nagara jeung bangsa sorangan atawa jeung bangsa deungeun bari aya dina kaakuran.

Hal anu kacida pentingna pikeun guru nyaéta yén guru kudu ngabogaan kamampuhan pikeun neuleuman kahirupan budaya murid jeung masarakat, ngagem élmu atikan anu dieuyeuban ku budaya kahirupan masarakat sorangan. Ku sabab kitu entong diengkékeun deui, khusus keur Universitas Pendidikan Indonesia kudu nalungtik jeung ngawangun élmu atikan, *étnopédagogi*.

Bumi Siliwangi, 16 April 2009